



KISA PITIT OU A PRAL APRANN?



Senkyèm Ane Eskolè

2019-2020

Kijan mwen ka ede pitit mwen nan kay la?

Aprantisaj pa fini nan salklas la. Timoun bezwen èd ak sipò nan kay la pou yo reyisi nan etid yo. Eseye kreye yon kote trankil pou pitit ou a etidye chak jou pou zanmi, frè ak sè, oubyen lòt distraksyon pa entèwonp li. Ou ka jwe yon wòl enpòtan nan kay la, nan etabli gwo atant e sipòte pitit ou a a nan satisfè bezwen li. Ou dwe tou eseye chita avèk pitit ou a omwen yon fwa pa semèn pou 15 a 30 minit pandan li ap fè devwa l. Sa ap kenbe w enfòm sou kisa pitit ou a ap travay. Lè w fè ti pa sa yo, w ap ede pitit ou a jwenn sikse nan toude, anndan ak deyò salklas la.

- Envite pitit ou a li sa l ekri awot vwa pou lòt manm fanmi an. Poze kesyon sou chwa mo ak ide pitit ou a.
- Pale sou nouvlè ak istwa fanmi an. Enkouraje pitit ou a poze fanmi an kesyon sou lavi yo. Mete enfòmasyon an ansanm nan yon albòm oubyen brase lide sou fason diferan ou ka rakonte istwa fanmi an, tankou powèm oubyen istwa kout.
- Ale nan yon teyat oubyen komedi mizikal avèk pitit ou. Diskite fason aktè yo mete vi nan mo yo.

Enfòmasyon PTA bay:



Atant Pou Nivo Ane Eskolè a

Nan 5yèm ane eskolè, pitit ou a ap li anpil e pwofondeman nan yon kantite tèks dewot kalite ki pa reyèl e ki reyèl, deplizanpli difisil, ki soti nan divès kilti ak divès epòk. Devlope konesans sou sijè atravè rechèch pwojè e reponn sous literè e enfòmasyon analitikman pral kle pou sikse kontinyèl pitit ou a. Pitit ou a pral ekri istwa ak redaksyon ki long ak plizyè paragaf. Nan konsantre tan ak efò enpòtan pou pwodui plizyè dokiman ekri nan yon ti tan oubyen plis atravè ane a, li pral pran kontwòl tou sou plizyè konvansyon gramè, izaj ak ponktiyasyon, ansanm ak aprann fason pou fè yo konprann li.

Yon Ezanp Sou Kisa Pitit ou a Pral Aprann nan Senkyèm Ane Eskolè

- Rezime detay kle nan istwa, teyat, powèm, ak materyèl reyèl, ki gen ladan tèms yo oubyen ide prensipal yo
- Idantifye e jije evidans ki sipòte ide patikilye nan diskisyon yon otè pou chanje pwendvi yon lektè
- Entegre enfòmasyon ki soti nan plizyè bibliyasyon ak sous dijital pou responn kesyon e rezoud pwoblèm
- Ekri opinyon ki ofri diskisyon rezonab e bay fè ak egzanp ki gwoupe lojikman pou sipòte pwendvi otè a
- Ekri istwa, reyèl oubyen imajinè, ki dewoule natirèlman e devlope yon liy istwa avèk dyalòg, deskripsyon, ak ritm reyèl dewoulman aksyon an
- Vini tou prepare nan diskisyon salklas, epi angaje konplètman avèk atansyon (pa egzanp, kontribye avèk presizyon, bay enfòmasyon ki enpòtan; elabore sou remak lòt moun; sentetize ide yo)
- Fè rapò sou yon sijè oubyen prezante yon opinyon avèk pwòp mo pa li, yon sekans ide lojik fè ak detay sifizan, e Anglè fòmèl lè li apwopriye
- Pwolonje, konbine, e redui fraz pou amelyore siyifikasyon, enterè, ak estil ekri
- Devlope konesans mo akademik avèk yon aksan sou sa ki siyale yon kontras nan ide yo oubyen relasyon lojik, tankou "on the other hand, similarly, and therefore" (yon lòt kote, menmjan tou, e donk)
- Konpoze tèks sou òdinatè

Resous Distri a

[Paj Entènèt Redaksyon Lekti Distri a](#)

Kat Travay LAFS



Adobe Acrobat Document

Bi/Pèspektif Otè a



Adobe Acrobat Document

Estrikti Tèks



Adobe Acrobat Document

Tablo Endiks sou Kontèks



Adobe Acrobat Document

Kadran Rezime



Adobe Acrobat Document

Sijè/Ide Prensipal/Tèm



Adobe Acrobat Document

Lyen Dijital

Ready: <http://www.dadeschools.net/students.asp>

C-Palms: <http://www.cpalms.org/Public/>

Achieve the Core: <http://achievethecore.org/>

myON Reader: <https://www.myon.com/login/>

Sunshine State Young Reader Award Program: <http://www.floridamedia.org/?page=ssyrahome>

Reading Rockets Phonics: <http://www.readingrockets.org/teaching/reading101/phonics>

